МИНИСТЕРСТВО ПРОСВЕЩЕНИЯ РОССИЙСКОЙ ФЕДЕРАЦИИ
Министерство образования и науки Республики Адыгея
Управления образования администрации МО «Теучежский район»
МБОУ «СОШ№ 8» а. Нешукай

| | |
|---|---|
| «СОГЛАСОВАНО» | «УТВЕРЖДАЮ» |
| Замиститель директора по УВР | Директор школ |
| ______________А.Б.Чич | ______________С.С.Шеуджен |
| Протокол № 1 | Приказ № 38 |
| «30» 08 2023 г. | «30» 08 2023г. |

# РАБОЧАЯ ПРОГРАММА

учебного предмета «Родной язык (адыгейский)»

для обучающихся 10-11 классов

Учитель – Заремук А.З.

2023г.

Я 10-11 классмэ апае лэжьэгъу программэм ищыс

Гъэсэныгъэм ылъэныкъок1э ч1ып1э гъэнэфагъэ зыубытырэ анахь мэхьанэ зи1э зэк1эхэм зэдыряе гурыт (икъурэ) ш1эныгъэм и Федеральнэ къэралыгъо гъэсэныгъэ ишапхъ (стандарт) ары. Ащ къыхэк1эу адыгабзэм иегъэджэн бэк1э елъытыгъ тхылъым иш1ык1э-гъэпсык1э ык1и изэхэтык1э зыфэдэм.

Методическэ 1эпы1эгъум мурадэу и1эр анахь мэхьанэ зи1э зэк1эхэм зэдыряе гурыт ш1эныгъэм и Федеральнэ къэралыгъо гъэсэныгъэ шапхъэ къыгъэуцурэ идеер зэш1уихызэ я 10-11-рэ классхэм апае тхылъэу «Адыгэ ныдэлъфыбзэ» зыфи1орэм икъу фэдизэу иш1уагъэ къыз1уихыныр ары.

Тхылъэу «Адыгэ ныдэлъфыбзэр» анахьэу зыфэ1орыш1эрэр: ц1ыфым (личностнэ) фэгъэхьыгъэ ш1уагъэхэр, прпедметым шъхьащык1рэмэ (метапредметнэ) ш1уагъэу къатыщтыр ык1и предметым изэгъэш1эн ш1уагъэу къытыщтыр к1элэеджак1омэ аш1эныр ары. Ахэмэ зэк1эмэ анахь мэхьанэ ащызи1эр 1эпэ1эсэ (универсальные) еджэн (учебные) ш1ык1эхэр (деиствие) (УУД) ары.

Федеральнэ къэралыгъо гъэсэныгъэ шапхъэм диштэу адыгабзэм иурокхэр 1эпэ1эсэ еджэн ш1ык1эм илъэныкъуипл1 хэгъэхъоныгъэм фэ1орыш1эх. Ахэр: ц1ыфым (личностно) фэгъэхьыгъэ ш1уагъэхэр, зегъэк1ок1э (регулятивнэ), ш1эныгъэ къэзытырэ (позновательнэ) , зэлъызыгъэ1эсырэ (коммуникативнэ) еджэн ш1ык1эхэр ары.

| | |
|---|---|
| Ц1ыфым фэгъэхьыгъэ (личностнэ) 1эпэ1эсэ еджэн ш1ык1эхэр. | Еджак1ом ежь ышъхьэк1э къэзыуцухьэрэ дунаим еплъык1эу, фыщытык1эу фыри1эхэр къэзгъэлъагъохэу мэхьанэ зи1э хабзэ гъуазэхэр. |
| Зегъэк1ок1э (регулятивнэ) 1эпэ1эсэ еджэн ш1ык1эхэр | 1ахьэу и1эхэр (мурадыр, къызхэк1рэр,амалхэр, уплъэк1уныр, уасэ фиш1ыныр) рэхъэг ынэ1ш мо1кажде, эзэтыълидыък зэрэзэригъэгъотыщт ш1ык1эхэр ыгъэпсын ылъэк1ыныр. |
| Ш1эныгъэ къэзытрэ (познавательнэ) 1эпэ1эсэ еджэн ш1ык1эхэр | Къэзыуцухьэрэ дунаим изэгъэш1энк1э ш1ык1э амалхэр, ежь-ежьырэу ш1эныгъэмэ алъыхъуныр, зэхифыныр , зэригъэфэныр, зэфихьысыжьыныр ык1и ыгъэфедэн ылъэк1ыныр. |
| Зэлъызыгъэ1эсырэ (коммуникативнэ) 1эпэ1эсэ еджэн ш1ык1эхэр | Зэфэшъхьаф 1оф щытык1эхэм еджак1ом зэдэгущы1ак1эм ихабзэхэр зэрихьан, ежь-ежьырэу игущы1э ык1и тхыгъэ жабзэр ыгъэпсын ылъэк1ыныр. |

Я 10-11-рэ классмэ ащеджэрэ к1элэеджак1ом ежь-ежьырэу урокым пшъэрылъэу къыщыратхэрэр зэш1уихын, упч1эу и1эмэ яджэуапхэр зэфэшъхьаф къэк1уап1эхэмк1э зэригъэгъотын, иш1эныгъэхэр щы1эныгъэм щигъэфедэн, игущы1ак1эк1э зыфэсакъыжьын, зэушъыижьын, ышъхьэ икъоу уасэ фиш1ыжьын ылъэк1ынэу гъэсэгъэн фае. Ащк1э зэлъызыгъэ1эсрэ (коммуникативнэ) 1офыгъохэм ш1огъэшхо я1:

- Куп хэтык1 ык1и зыгорэм игущы1э фгъэлъэп1эн;
- Къэгущы1эрэм едэ1ушъун ык1и тэрэзэу гущы1эн;
- Купым зэхифрэ 1офыгъо хэлэжьэшъун;
- Илэгъумэ ахэхьашъун, ахэтышъун;

- Илэгъумэ ык1и нахьыжъмэ зэрязэгъыщтым ык1и зэрагуры1ощтым егупшысэн, арэущтэу зек1он.

**Зэлъызэгъэ1эсрэ 1эпэ1эсэ еджэн ш1ык1эхэм ахахьэрэп:**

* иеджак1э илэгъумэ ык1и к1элэегъаджэм япхыгъэу ыгъэпсыныр – мурадхэр , пшъэрылъхэр зыфигъэуцун амал и1эныр;

* упч1эхэр зыфигъэуцужьыныр –коллективым епхыгъэу еджэнымк1э ищык1агъэр зэригъэу1ун, зэригъотыл1эныр;

* зэмызэгъыныгъэ къызхэк1ыгъэр къыхигъэщын ык1и ар зэш1уихын;

* 1оф къыдэзыш1эрэм изек1ок1э-ш1ык1эхэм алъыплъэн, ыгъэтэрэзын, уасэ афиш1ын;

* игупшысэхэр икъу фэдизэу къыри1отык1ын зэдэгущы1эгъоу зэхэфагъэм елъытыгъэу;

* грамматикэ ык1и синтаксис шапхъэхэр къыдилъытэзэ игущы1эухыгъэ зэхигъэуцон ылъэк1ыныр.

Зэлъызгъэ1эсырэ 1офыгъохэр гъэцэк1агъэ изыхъурэ к1элэегъаджэм иурок рэхьатныгъэрэ зэде1эжьыныгъэрэ илъэу ык1и к1элэеджак1ом урокыр, еджап1эр ш1огъэш1эгъоны зыхъук1э ары.

Егъэджэн процессым стандартык1эхэр къызхэхьагъэхэм къащегъэжьагъэу,к1элэегъаджэм ипшъэрылъхэмрэ и1офш1ак1э зэблэхъугъэ хъугъэ. Урокым ч1ып1эу к1элэегъаджэм щиубытырэри фэшъхьаф: уашъхьагъ итэу уигъэсэныр арыжьэп, к1элэегъаджэр урокым изэхэщак1у, ипащ, илъыплъак1у, изэгъэфак1у. **Анахь пшъэрылъ шъхьа1эр – урокым к1элэеджак1охэм 1оф зэдаш1эшъунэу, зэде1эжьынхэу, зэфэгумэк1ынхэу аригъэш1эныр ары.**

К1элэеджак1ор к1элэегъаджэм едэ1у къодыеу щымытэу, ежь урокым и1ахь хилъхьан фае.

Еджап1эхэм щы1эк1ак1эм диштэу яамалхэм нахь ахагъахъо къэс фронтальнэ егъэджэным ыч1ып1э къехьэ куп-купэу гощыгъэу, т1урыт1оу ык1и язакъоу егъэджэныр.

К1элэеджак1охэр куп-купэу гощыгъэу 1оф аш1эным к1эзгъэхъопсхэрэр тхылъым къыщытыгъэ егъэджэн материалхэм ягъэш1эгъоныгъ ык1и ябаиныгъ. Куп-купэу гощыгъэ 1офш1ак1эм мыхьанэшхо и1, к1элэеджак1оу хэлажьэрэм пэпчъ пшъэрылъ гъэнэфагъэ и1эу 1оф еш1э. Илэгшъумэ ягупшысэхэм уасэ афиш1ыным, агуры1оным, нахьыжъмэ афэдэу, алъыплъэн, ягулъытэ уасэ афиш1ын ылъэк1ынэу к1элэеджак1ор фегъасэ.

К1элэеджак1ор е к1элэегъаджэр зэрэфаем елъытыгъэу, е жеребъевкэк1э купхэр бгощын плъэк1ыщт.

Куп-купэу гощыгъэу 1оф аш1эным хабзэ гъэнэфагъэхэр пылъых:

- Куп-купэу 1оф аш1энэу к1элэеджак1охэр ебгъэзы е уимырэзэныгъэ ябгъэлъэгъу хъущтэп.
- Зэдык1ыгъоу 1оф зэраш1эрэр такъикъи 10-15-ым блэк1ы хъущтэп;
- К1элэеджак1омэ макъэ апымы1ук1эу 1оф аш1энэу яп1о хъущтэп, ау къыхэмыкуук1хэу, зэзэгъхэу , зэдэ1ужьыхэу, щэ1эныгъэ къызхагъафэзэ 1оф аш1энэу яп1он фае.

К1элэеджак1охэм куп-купэу 1оф аш1эным ыпэк1э, к1элэегъаджэм 1оф зэрэпш1эщтыр къафе1уатэ, пшъэрылъ к1эухыр агурегъа1о, ежьыри ына1э атетэу ежь-ежьырэу 1оф арегъаш1э. Ащ ыуж оценкэхэр егъэуцух, агурегъа1о тэрэзыр, мытэрэзыр, пшъэрылъэу зыфагъэуцужьыгъэхэр агъэцэк1агъэмэ амыгъэцэк1агъэмэ.

К1элэегъаджэм к1элэеджак1эмэ куп-купэу 1оф зэраш1эщтыр тэрэзэу агуригъэ1уагъэ зыхъук1э, зэгуры1оныгъэ азфагу илъэу, зэгъусэхэу 1оф зэдаш1э.

Зэлъызгъэ1эсырэ 1эпэ1эсэ еджэн ш1ык1эхэр гъэцэк1эгъэнымк1э бгъэфедэн плъэк1ыщт мыщ фэдэ 1офш1энхэр: къыгос к1элэеджак1ом и1офш1эн ыуплъэк1уныр, 1офш1энхэр къызэфаугупшысыжьыныр, зэрэпш1ыщтыр къызгурагъэ1оныр, проектнэ 1офш1энхэр, тест 1офш1энхэр ык1и ахэмэ анэмык1хэр.

Зэлъызгъэ1эсрэ 1эпэ1эсэ еджэн ш1ык1эхэр ащыщ-дискуссиер. Ащ ш1огъэшхо къеты: к1элэеджак1ор мэда1о, игупшысэхэр къыре1отык1ы, к1эк1эу егупшысэ, зыгорэм игущы1э уасэ феш1ы.

Зэлъызгъэ1эсрэ 1эпэ1эсэ еджэн ш1ык1эхэр зэзыгъэгъотыгъэ к1элэеджак1ом мыщ фэдэ нэшанэх иеджак1э и1эхэр:

- Зэмызэныгъэхэр мамырэу зэш1уихыныр;
- Игухэлъхэр къыри1отык1ыныр ык1и къыгъэшъыпкъэжьыныр;
- Зыгорэм игущы1э ыгъэлъэп1эныр ык1и дыригъэштэшъуныр;
- Сыд фэдэ ч1ып1э ифагъэми пшъэрылъ гъэнэфагъэхэр ыпшъэ рилъхьашъуныр;
- К1элэеджак1охэм зауплъэк1ужьыныр ык1и зэде1эжьынхэр.

Зэк1э 1эпэ1эсэ еджэн ш1ык1эхэр к1элэеджак1ом хабзэ зыхэлъ 1офш1ак1эр къыде1э. Хабзэ зыхэлъ 1офш1ак1эр ФГОС ООО-м ишапхъэхэм адештэ. Ежь-ежьырэу 1оф ыш1эныр к1элэеджак1ом егъэпсы. Ащ хэхьэх мурадхэр зыфэгъэуцужьыныр, планыр зэхэгъэуцоныр, ар ыгъэцэк1эныр, зиуплъэк1ужьыныр,егупшысэныр,зыгъэтэрэзыжьыныр.

Мэхьанэшхо и1 рефлексием. К1элэегъаджэм ипшъэрылъыр иэтапхэм ямэхьанэ к1элэеджак1ом агуригъэ1оныр,1офш1энхэр ык1и грамматикэ зэхэфыныр аш1ыныр, правилэхэр зэраригъэш1эныр, таблицэхэр ык1и схемэхэр зэхагъэуцоныр, зэфэшъхьаф къэк1уап1эхэмк1э ищык1эгъэ информациер зэригъэгъотыныр.

К1эух упч1эхэу к1элэегъаджэм урокым къыщитын ылъэк1ыщтхэр пэшъорыгъэш1эу къэп1он хъумэ, бэмэ ялъытыгъ. Ахэр мыщ фэдэнхэ ылъэк1ыщт:

- Икъу фэдизэу темэмрэ пшъэрылъхэмрэ къит1отык1ыгъэха?
- А пшъэрылъхэр дгъэцэк1агъэха?
- Блэк1ыгъэ урокхэм мы темэмк1э сыд зэжъугъэш1агъэр? Сыда к1эу зэхэшъухыгъэр?
- Сыд фэдэ гъэхъагъэха урокым щышъуш1ыгъэу шъулъытэхэрэр?
- Сыд анахьэу къины къышъущыхъугъэр?
- Сыд фэдэ упч1эха шъугу къихэщтыгъэхэр урокым?
- Сыд къыжъугурымы1уагъэр, шъугу къэмык1ыжьыгъэр? Сыд унэмк1э к1эшъуджык1ыжьын фаеу шъулъытэрэр?
- Сыда анахьэу шъуна1э зытешъудзагъэр урокым щызэхэшъухыгъэмэ ащыщэу?
- Непэ зэжъугъэш1агъэмэ ащыщхэр сыдэущтэу щы1эныгъэм щыжъугъэфедэн шъулъэк1ыщта?

Методическэ 1эпы1эгъоу «Адыгэ ныдэлъфыбз» зыфи1орэм урокхэм яконспектэу къыщытыгъэхэр к1элэегъаджэм 1эпы1эгъуш1у фэхъущт. Анахь пшъэрылъ шъхьа1эу зыфэдгъэуцужьыгъэр- тхылъым дэт 1ояш1энхэм мэхьанэу я1эр нахь игъэк1отыгъэу къэдгъэлъэгъоныр ары.

К1элэугъаджэм ежь-ежьырэу урокыр зэхигъэуцон фит к1элэеджак1охэм яш1эныгъэ елъытыгъэу.

Урокмэ япланэу тхылъым игъусэхэм зык1и к1элэегъаджэм и1офш1эн ишъхьафитныгъэ зэщигъакъорэп. К1элэегъаджэ пэпчъ 1оф зыщиш1эрэ ч1ып1э ык1и иеплъык1эхэм ялъытыгъэу ежь-ежьырэу егупшысэн ык1и зэригъэфэн фит урокым иплан.

# Адыгэбзэ тхэн

## Я 10-рэ класс

## (Тхьэмафэм сыхь.-2. Зэк1эмк1и сыхь.-68)

## Бырсыр Б., К1эсэбэжъ Н., Шумэн З.

| №<br>п/п | Темэр | Сыхьат пчъагъэр | План. | Факт. |
|---|---|---|---|---|
| | К1эджык1ыжьын- сыхь.6 | 1 | 1. | |
| 1. | Ныбджэгъухэр. | 1 | 1.09.23 | |
| 2 | Шъузэрыгъозэщт тамыгъэхэр. | 1 | 6.09 | |
| 3 | Пэублэ гущы1. | 1 | 7.09. | |
| 4. | Я 5-9-рэ классхэм ащызэрагъэш1эгъэм ик1эджык1ыжьын | 1 | 13.09 | |
| 5. | **Уплъэк1ун диктант** | 1 | 14.09 дикт. | |
| | **Апэрэ едзыгъу.**<br>**Псальэр.Псэлъэ зэлъы1эсыныр.Текстыр.** | | | |
| 7. | Бзэмрэ псальэмрэ-жэры1ом иуцугъуит1у, ахэр зэрэзэпхыгъэхэр ык1и янэшанэхэр. | 1 | 20.09 | |
| 8. | Псалъэм игъэфедэн инэшэнэ шъхьа1эхэр: тэрэзыныр, тефэныр, 1упк1эныр, зэгъэк1уныр, бзэм иамальхэр зыщищык1агъэм гъэфедэгъэнхэр. | 1 | 21.09. | |
| 9. | Псальэм игъэфедэн. | 1 | 27.09 | |
| 10. | Жэры1о ык1и тхыгъэ псалъэр. | 1 | 28.09 | |
| 11. | Псалъэм игъэфедэн илъэпкъхэр:къеджэныр, едэ1уныр, къэ1оныр, тхыныр. | 1 | 4.10 | |
| 12. | Псэлъэ зэлъы1эсыныр, ащ и1ахьэхэр ык1и илъэпкъхэр. | 1 | 11.10 | |
| 13. | Псалъэр зыщагъэфедэрэ ситуациехэр. | 1 | 12.10 | |
| 14. | Псалъэм изэхэтык1. | 1 | 18.10 | |
| 15. | Псалъэм игъэфедак1. | 1 | 19.10 | |
| 16. | Бзит1у зыщагъэфедэрэ псалъэм инэшэнэ шъхьа1эхэр. | 1 | 25.10 | |
| 17. | Псэлъэ зэлъы1эсыныр зыщагъэфедэрэм монологым ык1и диалогым инэшанэхэр. | 1 | 26.10 | |
| 18. | Псэлъэ зэлъы1эсыныр зыщагъэфедэрэм монологым ык1и диалогым инэшанэхэр. | 1 | 8.11 | |
| 19. | Гъэпсык1э-мэхьэнэ зэтефыгъэхэу псалъэм игъэпсык1э нэшанэхэр. | 1 | 9.11 | |
| 20. | Гъэпсык1э-мэхьэнэ зэтефыгъэхэу псалъэм игъэпсык1э нэшанэхэр. | 1 | 15.11 | |
| 21. | Адыгабзэм ифункциональнэ стильхэр, официальнэ-1офыгъо, публицистикэм истиль, художественнэ литературэм истиль, ахэр зыщагъэфедэрэ ч1ып1эм къек1унхэр. | 1 | 16.11 | |
| 22. | Адыгабзэм ифункциональнэ стильхэр, официальнэ-1офыгъо, публицистикэм истиль, художественнэ литературэм истиль, ахэр зыщагъэфедэрэ ч1ып1эм къек1унхэр. | 1 | 22.11 | |
| 23. | Текстыр синтаксисым иуцугъо анахь ин. | 1 | 23.11 | |
| 24. | Текстым инэшанэхэр, изэхэтык1. | 1 | 29.11 | |
| 25. | Текстым икъеджэк1э лъэпкъ зэфэшъхьафхэр, язэгъэфэн, як1эш1ык1ыжьын. | 1 | 30.11 | |
| 26. | Рефератыр. | 1 | 6.12 | |
| 27. | Текстым игъэк1эк1ын. | 1 | 7.12 | |
| 28. | Планыр. | 1 | 13.12 | |

| | | | | |
|---|---|---|---|---|
| 29. | Тезисыр. | 1 | 14.12 | |
| 30. | **Уплъэк1ун диктант** | 1 | 20.12 | |
| | **Ят1онэрэ едзыгъу.<br>Адыгэ литературабзэр.** | 1 | 21.12 | |
| 31. | Лингвистикэр-бзэм илъэныкъо пстэури зыушэтырэ ш1эныгъ. | 1 | 27.12 | |
| 32. | Бзэр коммуникацие гупшысэк1э, зэгъэш1эк1э тамыгъэ гъэпсык1. | 1 | 28.12 | |
| 33. | Бзэр гупшысэк1э зэфэшъхьафэу пкъыгъохэр, хъугъэ-ш1агъэхэр, зэфыщытык1эхэр, нэшанэхэр, 1офыгъохэр къэзгъэлъэгъорэ тамыгъэ системэу щыт. | 1 | 10.01 | |
| 34. | Бзэр гупшысэк1э зэфэшъхьафэу пкъыгъохэр, хъугъэ-ш1агъэхэр, зэфыщытык1эхэр, нэшанэхэр, 1офыгъохэр къэзгъэлъэгъорэ тамыгъэ системэу щыт. | 1 | 11.01 | |
| 35. | Бзэмрэ обществэмрэ. | 1 | 17.01 | |
| 36. | Бзэмрэ культурэмрэ. | 1 | 18.01 | |
| 37. | Бзэмрэ тарихъымрэ. | 1 | 20.01 | |
| 38. | Бзэм ихэгъэхъоныгъэхэмрэ изэхъок1ныгъэхэмрэ. | 1 | 25.01 | |
| 39. | Лингвистикэм иедзыгъо шъхьа1эхэр:фонетикэр,графикэр, лексикологиер, фразеологиер, морфемикэр, грамматикэр, тхэнхабзэр, тамыгъэгъэуцуныр, стилистикэр, диалектологиер | 1 | 31.01 | |
| 40. | Лингвистикэм иедзыгъо шъхьа1эхэр:фонетикэр,графикэр, лексикологиер, фразеологиер, морфемикэр, грамматикэр, тхэнхабзэр, тамыгъэгъэуцуныр, стилистикэр, диалектологиер | 1 | 1.02 | |
| 41. | **Тест** | 1 | 7.02 | |
| 42. | Адыгэ лъэпкъыбзэм ишъошэ гъэпсык1эхэр. | 1 | 8.02 | |
| 43. | Дунаим, Урысыем, Кавказым илъэпкъ культурэхэм язэлъы1эсыныгъэ бзэхэм ябайныгъэ ихэхъон икъэк1уап1. | 1 | 14.02 | |
| 44. | Дунаим, Урысыем, Кавказым илъэпкъ культурэхэм язэлъы1эсыныгъэ бзэхэм ябайныгъэ ихэхъон икъэк1уап1. | 1 | 15.02 | |
| | **Ящэнэрэ едзыгъу.<br>Адыгэ литературабзэр.** | 1 | 21.02 | |
| 45. | Литературабзэ зыфа1орэр, ащ инэшанэхэр. | 1 | 22.02 | |
| 46. | Лъэпкъымк1э ащ имэхьан. | 1 | 28.02 | |
| 47. | Адыгэ литературабзэм игъэпсык1эхэр. | 1 | 29.02 | |
| 48. | **Тест** | 1 | 6.03 | |
| 49. | Адыгэ литературабзэм иэтикэ-псалъэ хъапхъэхэр. | 1 | 7.03 | |
| 50 | Урырысыбзэм ишапхъэхэм зэрафэрэр. | 1 | 13.03 | |
| 51 | Адыгэ литературабзэм игущы1алъэхэр. | 1 | 14.03 | |
| 52. | **Ж/И Изложение** | 1 | 20.03 | |
| | **Япл1энэрэ едзыгъу.<br>Кавказ бзэбыныр. Диалектологиер.** | | 21.03 | |
| 53. | Диалектологиер-бзэ ш1эныгъэм иедзыгъоу бзэм ич1ып1э диалектхэр зэзыгъаш1эрэр. | 1 | 3.04 | |
| 54. | Адыгабзэр кавказ бзэ быным иабхъаз-адыгэ бзэ къутамэ щыщ. | 1 | 4.04 | |
| 55. | Адыгабзэм идиалектхэмрэ иговорхэмрэ. | 1 | 10.04 | |
| 56. | Диалектизмэхэр. | 1 | 11.04 | |
| 57. | **Тест.** | 1 | 17.04 | |
| | **Ятфэнэрэ едзыгъу.<br>Адыгэ псалъэм икультур.** | | 18.04 | |
| 58. | Псалъэм икультурэ лингвистикэм изы едзыгъу. | 1 | 24.04 | |
| 59. | Псалъэм икультурэ лъэпкъэхэр зэрэзэтефыгъэхэр:еджэныр, тхэныр. | 1 | 25.04 | |

| | | | | |
|---|---|---|---|---|
| 60. | Псалъэм икультурэ лъэпкъхэр зэрэзэтефыгъэхэр:гущы1эныр, едэ1уныр. | 1 | 1.05 | |
| 61. | Пстэумэ апае псалъэм ихабзэхэр. | 1 | 2.05 | |
| 62. | Пстэумэ апае псалъэм ихабзэхэр. | 1 | 2.05 | |
| 63. | Научнэ ык1и 1офым ехьыл1эгъэ зэлъы1эсыным ихабз . | 1 | 9.05 | |
| 64. | Научнэ ык1и 1офым ехьыл1эгъэ зэлъы1эсыным ихабз . | 1 | 15.05 | |
| 65. | **Тест** | 1 | 16.05 | |
| 66-68 | Илъэсым ак1угъэм ик1эджык1ыжьын | 3 | 22.05 | |
| | | | 23.05 | |
| | | | | |
| | | | | |

## Адыгэбзэ тхэн

### Я 11 -рэ класс
### (Тхьэмафэм сыхь. - 2. Зэк1эмк1и сыхь.- 68)
### Бырсыр Б., К1эсэбэжъ Н., Шумэн З.

| № | Темэр, разделыр | Сыхьат пчъ | Мафэр | |
|---|---|---|---|---|
| | | | | |
| 1. | Пэублэ гущы1 | 1 | 1.09 | |
| 2. | **Я 10-рэ классым щызэрагъэш1агъэм ик1эджык1ыжьын** | 1 | 5.09 | |
| 3. | **Уплъэк1ун диктант** | 1 | 8.09 | |
| 4. | Псэлъэ зэлъыгъэ1эсыныр | 1 | 11.09 | |
| 5 | Бзэш1эныгъэр. | 1 | 15.09 | |
| 6. | Диалектологиер. | 1 | 22.09 | |
| 7. | Адыгэ литературабзэр | 1 | 22.09 | |
| 8. | Псалъэр | 1 | 28.09 | |
| | **Апэрэ едзыгъу. Стилистикэр.** | | — | |
| 9. | Стилистикэр бзэш1эныгъэм изыуцугъоу бзэм ык1и жабзэм истильхэр, къэгъэлъэгъок1э- | 1 | 29.09 | |

| | | | | |
|---|---|---|---|---|
| | къэ1ок1э зэфэшъхьафхэр зэзыгъаш1эрэр. | | | |
| 10. | Стиль зыфа1орэр. | 1 | 5.10 | |
| 11. | Игъэк1отыгъэу агъэфедэрэ стильхэр зэрэзэтек1хэрэр. | 1 | 6.10 | |
| 12. | Зы мэхьанэ ык1и мэхьэнабэ зи1э гущы1эхэр. | 1 | 12.10 | |
| 13. | Омонимхэр. | 1 | 13.10 | |
| 14. | Синонимхэр. | 1 | 19.10 | |
| 15. | Антонимхэр. | 1 | 20.10 | |
| 16. | **Уплъэк1ун 1офш1энхэр.** | 1 | 26.10 | |
| 17. | Сэнэхьат гущы1эхэм стиль пшъэрылъэу зэрахьэрэр. | 1 | 27.10 | |
| 18. | Диалект гущы1эхэм стиль пшъэрылъэу зэрахьэрэр. | 1 | 9.11 | |
| 19. | Жъы хъугъэ гущы1эхэм стиль пшъэрылъэу зэрахьэрэр. | 1 | 10.11 | |
| 20. | Гущы1ак1эхэм стиль пшъэрылъэу зэрахьэрэр. | 1 | 16.11 | |
| 21. | Нэмык1ыбзэ гущы1эхэм стиль пшъэрылъэу зэрахьэрэр. | 1 | 17.11 | |
| 22. | Стилистическэу фразеологизмэхэр зэрагъэфедэхэрэр. | 1 | 23.11 | |
| 23. | Ц1эпапк1эхэр, глагол охътэ шъошэ зэфэшъхьафхэр | 1 | 24.11. | |

| | | | | |
|---|---|---|---|---|
| | стилистическэу зэрагъэфедэрэр. | | | |
| 24. | Зэнк1э ык1и зэблэдзыгъэ зэк1элъык1уак1э зи1э гущы1эухыгъэхэм ягъэфедэн стилистическэ мэхьанэу и1эр. | 1 | 30.11 | |
| 25. | Стилистикэ хэукъоныгъэхэр, ахэр зыфэдэхэр. | 1 | 1.12 | |
| 26. | **Уплъэк1ун диктант.** | 1 | 7.12 | |
| | **Ят1онэрэ едзыгъу. Адыгэ псалъэм икультур.** | | | |
| 27. | Псалъэм икультурэ инэшэнэ шъхьа1эхэр: шэпхъэ гъэуцугъэр, зэлъы1эсыныгъэр, хэбзэ гъэуцугъэр. | 1 | 8.12 | |
| 28. | Псалъэм икультурэ инэшэнэ шъхьа1эхэр: шэпхъэ гъэуцугъэр, зэлъы1эсыныгъэр, хэбзэ гъэуцугъэр. | 1 | 14.12 | |
| 29. | Бзэм ишапхъэхэр инэшанэхэр ык1и ипшъэрылъхэр. | 1 | 15.12 | |
| 30. | Адыгабзэм ишэпхъэ лъэпкъ шъхьа1эхэр. | 1 | 21.12 | |
| 31. | Адыгабзэм щагъэфедэрэ шэрхъэ гущы1алъэхэмрэ 1эпы1эгъухэмрэ. | 1 | 22.12 | |
| 32. | Орфоэпиер. | 1 | 28.12 | |
| 33. | Къэ1ок1э хэбзэ шъхьа1эхэр. | 1 | 29.12 | |
| 34. | Ударениер. | 1 | 11.01 | |
| 35. | Акцентыр. | 1 | 12.01 | |
| 36. | Тест | 1 | 18.01 | |

| | | | | |
|---|---|---|---|---|
| 37. | Графикэр. | 1 | 19.01 | |
| 38. | Алфавитыр. | 1 | 25.01 | |
| 39. | Тхэнхабзэр. | 1 | 26.01 | |
| 40. | Мэкъэзещит1у зэфэдэхэмрэ мэкъэзэрэщит1у зэфэдэхэмрэ ятхык1. | 1 | 1.02 | |
| 41. | Гущы1эхэр зэпытэу ык1и гущы1эхэм азфагу дефис дэтэу зэратхырэр. | 1 | 2.02 | |
| 42. | **Уплъэк1ун 1офш1эн** | 1 | 8.02 | |
| 43. | Тамыгъэгъэуцунк1э заджэхэрэр. | 1 | 9.02 | |
| 44. | Тамыгъэгъэуцуным иеплъык1эхэмрэ ихабзэхэмрэ. | 1 | 15.02 | |
| 45. | Тамыгъэгъэуцу зэхэфын. | 1 | 16.02 | |
| 46. | Зэпыугъо тамыгъэхэр. | 1 | 22.02 | |
| 47. | Мэхьэнэ зэпыугъо тамыгъэмрэ къэ1ок1э зэпыугъо тамыгъэмрэ. | 1 | 23.02 | |
| 48. | Гозгъэушъхьафык1рэ, зыгощрэ ык1и къыхэзгъэушъхьафык1рэ зэпыугъо тамыгъэхэр. | 1 | 29.02 | |
| 49. | **Ж/И Изложение.** | 1 | 1.03 | |
| 50. | Гущы1эзэгъусэхэр. | 1 | 7.03 | |
| 51. | Гущы1эухыгъэ къызэрык1охэр. | 1 | 14.03 | |
| 52. | Гущы1эухыгъэм ичлен зэлъэпкъэгъухэр. | 1 | 15.03 | |
| 53. | Гущы1эухыгъэ зэгъусэзэхэлъхэр: тамыгъэхэр, синтаксис зэхэфыныр. | 1 | 21.03 | |

| | | | | |
|---|---|---|---|---|
| 54. | Гущы1эухыгъэ зэгъусэзэхэлъхэр: тамыгъэхэр, синтаксис зэхэфыныр. | 1 | 22.03 | |
| 55-56 | Гущы1эухыгъэ зэпхыгъэзэхэлъыр. | 2 | 4.04<br>5.04 | |
| 57-58 | Зэпх зыхэмыт гущы1эухыгъэ зэхэлъхэр. | 2 | 11.04<br>12.04 | |
| 59. | Тамыгъэхэр. | 1 | 18.04 | |
| 60-61 | Синтаксис зэхэфыныр. | 2 | 19.04<br>25.04 | |
| 61-62 | Морфологиер. | 2 | 26.04<br>2.05 | |
| 63-64 | Глаголыр. | 2 | 3.05<br>10.05 | |
| 65-68 | Ак1угъэм ик1эджык1ыжьын | 4 | 16.05<br>17.05<br>23.05<br>24.05 | |
| | | | | |